Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
3 март
РУЗМАН

№8-9
(7443-7444)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Б а р к у л а !




**ХIурматиял руччаби!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо -8 Март.

ЧIужугIадан ккола кидаго нилъер гъасда хинлъи цIунулей гIадан.

Гьей гьечIони, гьечIо гIумру, рохел ва талихI. ЧIужугIадан талихIайлъун гьаюла нилъер берцинаб каламалъги, гьелдехун бугеб бербалагьиялъги, гьелъул нилъеца гьабулеб тIалабалъги. Гьелдехун нилъер бугеб рокьиги адабги кидаго цIикIкIараб букIана ва букIине буго.

Нилъер районалъул руччаби кидаго рукIана, жакъаги руго нилъер хIалтIуе, рукъ-хъизаналъе, эбел-инсуе, ватIаналъе ва магIарул гIадамазе яхI-намусалъе ритIухъал.

Жакъа районалъул руччаби ккола сахлъицIуниялъулъги, лъайкьеялъулъги, культураялъулъги, гIун бачIунеб гIел куцаялъулъги цебесеб кьерда. Гьез кIудияб бутIа лъола районалъул жамгIияб гIумруялъулъги.

Хириял руччаби! Гьарула нужее сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI, ракълилаб гIумру ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

Биччанте нужеда сверухъ кидаго рукIине нуж рокьулел ва нужее рокьулел, кидаго гьез нужер ракIалги рохизаризе.

**Районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов**

## ГьитIинав багъадур



Дагъаб цебе Агъвали школалъул анкьабилеб классалъул цIалдохъан Къадилов Шамилица гьанкъулев вукIарав жиндирго классцояв ГIалиасхIабов МухIамад хвасар гьавуна. Лъимал ун рукIун руго ДЮСШялда аскIоб бугеб хIорихъе тира-свериze, ва МухIамадие бокьун буго хIоралда тIад чIвараб цIералдасан векерун цогидаб рагIалде вахъине. ТалихIкъосиналъ, гьев цIерги кьватIун цIорораб лъелъе вортун вуго, амма сверухъ кумекалъе цониги кIудияв чи вукIун гьечIо. Шамилица виххичIого, жиндирго гIумруялъе хIинкъи букIаниги, хехаб хIалалъ кьватIиве вахъун вуго гьев. Гьеб лахIзаталда жаниб кинаб пикру дур букIараб абун гьикъидал, Шамилица абуна: «Цо художествияб асаралда дица цIалун букIана къварилъиялде ккани, гьудуласе гIоло гIумруги кье»,- ян.

ХIал чIахъаги, гьитIинав багъадурасул! Сахлъи кьеги гьесие!

**Зулфия Сажидова**

Сураталда квегIисан кваранидe: **Шамил ва МухIамад**

## Аваразул калам - гьелъул камиллъи

**Ункъабилеб нухалъги данделъана республикаялъул авар мацIалда риччалел басмабазул коллективал миллаталъул гьанситолъун кколеб музыкалиябгун драмаялъул Авартеатралда.**



МагIарул басмабазул коллективал, администрациязул вакилзаби, рахьдал мацI бокьулел, гIун бачIунеб гIелалъе гьеб цIуниялъе хIаракат бахъулел, гьелде кIвар кьолел ва магIарул кечIгун искусство бокьулел данделъана иргадулаб нухалъги 19 февралалда МахIачхъалаялда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драмаялъулаб театралда Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо кIодо гьабизе. Сонайилго гIадин, байрам гIуцIана Дагъистан Республикаялъул аваразул регионалияб миллиябгун маданияб автономиялъ.

МагIарул гьансито, миллаталъул матIу-Авартеатралъул жанахIалъуре лъугьунаго чIвалел рукIарал миллиял квеназул тIагIамал махIаз, жиде-жидер бокIназда сверухъ лъугьун искусствоялъул хIаракатчагIаз къали-аргъаналда, тIармида ахIулел кучIдуз, миллияб ратIлилъ цере рахъунел гIисиназгун чIахIияз, авар мацIалда цоцада кIалъалез, хасго гьитIичаз, авар миллаталъул хIурмат гьабун, гьенире рачIарал республикаялъул батIи-батIиял миллатазул вакилзабаз цIаларал ва ахIарал кучIдуз цо хасаб чIаголъи ва берцинлъи кьуна гьеб тадбиралъе.

Басмабазул ва мультимедиялъул цебелъей, официалияб бутIа, цIалдохъабазул церерахъин ва араб соналъул хIалтIул хIасилал рачин (басмабазул халгьаби, цоцоязе шапакъатал кьей ва авар мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул хIалтIул), художествоялъул самодеятельностаялъул хIаракатчагIазул церерахъин. Кидаго гIадин, жидерго сайгъат букIинарищха авартеатралъулазулги. Гьез бихьизабураб спектаклялъги данделъарал рохизаруна.



## Встреча в Совете Федерации



Председатель Совета Федерации Федерального Собрания Российской Федерации Валентина Матвиенко 3 февраля провела встречу с представителями сельской интеллигенции из разных регионов России. На встрече нашу республику представляли работники образования и медицины, в числе которых был директор ГКУ РД «ЦОДОУ ЗОЖ» Магомедшапи Джахбаров.

Мероприятие было направлено на повышение значимости деятельности сельской интеллигенции в социальном развитии регионов.

Глава Совета Федерации отметила, что в последние годы реализуются эффективные программы развития сельской медицины. Так, благодаря программе «Земский доктор» за пять лет более двадцати двух тысяч врачей пришли на работу в сельские населенные пункты и рабочие поселки. Совет Федерации предлагает в общероссийском масштабе перейти к аналогичной программе «Земский фельдшер», которая позволит пополнить сельское здравоохранение специалистами со средним медицинским образованием.

В работе заседания приняли участие представители Совета Федерации, министр образования РФ Ольга Васильева, замминистра культуры России Алла Манилова, а также 205 представителей из 78 регионов страны - медицинские работники, библиотекари, учителя, представители учреждений культуры, федеральных и региональных органов государственной власти.

С докладами на встрече выступили Министр образования и науки РФ Ольга Васильева и первый заместитель Министра сельского хозяйства РФ Джамбулат Хатуов. Программой также предусматривала осмотр выставки детского творчества «Православная культура и традиции малых городов и сельских поселений».

Министр образования и науки Российской Федерации Ольга Васильева отметила, что школа выполняет важную функцию - социокультурного центра села. В своем выступлении министр образования обратила внимание на такие вопросы, как малокомплектные сельские школы и внедрение в них безбарьерной среды, компенсацию сельским учителям расходов по ЖКХ, доступность методических материалов в электронном виде для учеников и учителей, социализацию сельских детей.

И самое главное, что в малокомплектных сельских школах не будут вводить подушевое финансирование.

**Магомедшапи Джахпаров**

**Баркалаялъул кагъат**

## Сахаватал гIадамал гIемерлъаги

Гьаб заманалда бигьаяб иш гуро чидар ургъелгун къварилъи г1ахьал гьабулел г1адамал ратизе ва къанагIатасги гьеб аскIобе къазеги биччаларо.

Амма бугониги, абухъего, лъикIал гIадамал камунги гуро гьаб дуниял бугеб! Гьез жидерго гIадин, гIахьал гьабула цогидазул къварилъи ва рохел. ГIемерал руго нилъеда гьоркьорги гьединал гIадамал. Гьединаздасан ккола районалъул лъайкьеялъул управлениялъ кинаб тадбир тIобитIулеб бугониги, жидеца жигараб гIахьаллъи ва кумек-квербакъи гьабулел ТIагьир Халидов, МухIамад Коратов, Шамил Бадрудинов, МухIамадрасул ЖахIпаров, МухIамад ГIисаев, МухIамад ЗулхIужаев, Рамадан ГъазимухIамадов ва ХIайбула НурхIажиев.

Гьез спонсорлъиялъулаб кумек гьабичIеб я спортивияб тадбир, я предметияб олимпиада хутIуларо районалда. Бокьун буго районалъул лъайкьеялъул управлениялъул коллективалъул рахъалдасан баркала загьир гьабизе гьел ракIал сахаватал гIадамазе ва гьаризе гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва хъизан-лъималаздасан рохун хутIи.

**Муса Гьарунов**

**ХIисабкьей**

# ГIадлу бугониги, гIурал шартIал гьечIо

Дагъалъ цебе Гъоркьгъаквари жамагIаталъ гIенеккана росдал администрациялъ араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей. Росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовасул гьеб бук1ана тIоцебесеб хIисабкьей. Жигараб хIалтIи гьабулеб буго гьес росдал нухмалъуда, гьелъие нугIлъи гьабула Гьаквари унел нухаз, росдал учреждениябаз цIунун бугеб хIалтIул низамалъ, жамагIаталда гьоркьоб гьесул бугеб къадру-кьиматалъ. Росдал администрациялъул хIисабкьеялъулаб данделъиялде гIахьаллъизе рачIарал райадминистрациялъул бетIерасул заместитель М-Р. Гагиев, райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулел М. Коратов ва М. ГIисаев, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель М. ГIумаров щвана росдал школалде ва лъималазул ахикье.



Кида школалде щваниги, бацIцIадго букIуна классазда ва коридоразда. Киг1ан г1ат1идаб ва бац1ц1адаб школа бугониги, рази хут1ич1о райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби гьенир



ратарал цо-цо гIоларел рахъаздаса. Гъоркьгъаквари росдал учреждениябиги ккола цогидал росабазе мисалиялъун, хIалтIулъ гIадлу-низам бугел ва гIадамазе жидеца гьаризе кколел хъулухъал берцинго т1уралел.



Хасалил цIоролал къоязухъ балагьичIого, хIалтIулел руго росдал клуб, библиотека, медпункт ва почалъул отделение.

Доба-гьанисан цIулги босун, бакулеб буго росдал клубалда печь, цIул босизе гIарац гьечIого. Токалъул гьитIинабго печалъ хинлъизабун буго библиотекаялъул рукъги. БухIараб токалъухъ гIарацги нижецаго кьеян лъазабунилан бицана библиотекарь Загьра Зубаировалъги.

ЦIакъ санагIалъи гьечIеб хIалалда буго росдал медпункт: гьенибе бачун гьечIо лъим, ва гьеб къватIибе ине гьабураб санагIалъи гьечIо.

Гьел киналго гIоларел рахъазулги, росулъ гьарурал хIалтIабазулги бицана хIисабкьеялъул кIалъаялъулъ Рашид АхIмадовас. Росдал бегавуласул хъулухъалде вач1унаго, дир мурад букIана росдал халкъалъул рукIа-рахьин лъикIлъизаби, гьелда тIад хIалтIизеги хIалтIанин ва жеги хIалтIизеги вугин абуна Рашидица. Кьокьабго заманалда жаниб росулъ гIезегIанго хIалтIи гьабун буго гьес. Росулъ гьабурабщинаб хIалтIулъ гIахьаллъи гьабурал росдал гIолохъабазе ва техникаялъул рахъалъ кумек гьабурав Халкъияб Собраниялъул депутат Г1абдурахIман Камиловасе баркала загьир гьабуна Рашид АхIмадовас.

Жиндирго кIалъаялда росдал бегавулас рехсана жеги гьарун рагIалде рахъинчIел ишал, баян гьабуна росдал администрациялъул бюджеталда балагьун росулъ гьарулел хIалтIаби тезе бегьулареблъи ва гьелъие жегиги росдал жамагIаталъул цадахъаб хIалтIи букIине ккей.

КIалъазе вахъарав районалъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас росдал жамагIаталъе кIудияб баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъул рахъалдасан, росдал бегавулгун цадахъ, росулъ гьарурал хIалтIабазухъги, чIезабун бугеб гIадлу-низамалъухъги. Гьединго гьес баян гьабуна, гьаб гIадлу биххараб заманалда, Гъоркьгъаквариса цониги гIолохъанчи гьечIин полициялъул хасаб учеталда ва гьеб кколин жамагIаталъулгун администрациялъул цадахъаб хIалтIул хIасил.

Данделъиялда кIалъаял гьаруна МухIамад ГIисаевас ва МухIамад Коратовас, росдал школалъул учитель Шагьрурамазан Насрудиновас, мажгиталъул будун Зайнудин Нажмудиновас. ЖамагIаталъ лъикIаб кьимат кьуна росдал администрациялъ бетIералда Рашид АхIмадовгун гьабураб хIалтIуе.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# Аваразул калам - гьелъул камиллъи

1

Бищунго бокьана аваразул каламалъул камиллъи ва пасихIлъи, берцинлъи ва беричлъи гьеб бичIчIуларезе, бичIчIизе бокьун гьечIезе майин босун кьуна тадбир бачунел педагогикиял гIелмабазул кандидат Баху МухIидиновалъ ва рахьдал мацIазул мугIалимзабазул ТIолгороссиялъул конкурсалда бергьарай авар мацIалъул мугIалим Сарат МухIумаевалъ цоцоккун, росу-ракь ва цIалулеб бакI баян гьабун цере ахIарал цIалдохъабаз черхалда гьаргьар баледухъ рекIехъе рикIкIарал кучIдуз. Имам Шамилги, рахьдал мацIги, Дагъистаналъул тарихги-гIатIидаб букIана цIалдохъабазул церерахъиналъул тематика.

рам, гьеб гьечIо тIасан лъилалиго амруялдалъун гIуцIараб. Жакъа нилъеда гьорлъги гIемерисел руго, шагьаразда ругониги, хирияб, гIагараб рахьдал мацIалде рокьи цIикIкIарал гIадамал. Баркала гьаб тадбир гIуцIаразе ва авар халкъалъе рохел бикьаразе».

Хадуб тадбиралъул хиси гьечIев «тамада» МуртазагIали МухIамадовас рагIи кьуна искусствоялъул хIаракатчагIазе. ГIунисезул, гьидерил, къаралазул, бакълъулазул ва цогидаби районаздасан вакилзабазул театрализованниял церерахъинал, кучIдулгун кьурдаби гьираялда къабул гьаруна залалда данделъараз.

Гьоркьоб течIо автономиялъ гIадаталде свера-




РекIелъ чIухIигун абила, Агъвали школалъул лъабабилеб классалъул цIалдохъан Фатима Дибировалъ рикIкIарал кучIдуз зоб пирхараб гIадаб асар гьабунин Авар театралъул залалда гIодорчIараз чIвалеб хъатил гъугъаялъ. ТIатIала тIадюссинаюнги рикIкIана Фатимаца кучIдул.

Гьелда тIадеги рекIее гIуна исана тадбиралда гIахьаллъаразул къадар цIикIкIин ва география гIатIилъи - ЧIарадаса ва Унсоколоса нижер пишацоязги гIахьал гьабуна магIарулалзул миллияб рохел.

Рахьдал мацIазул кIваралъул, гьеб цIуниялда сверухъ гьабулеб хIалтIул бицине дун жуяларо, абун тела, гIицIго гьений гIахьаллъарай Дагъистаналъул миллияб политикаялъул министр Татьяна Гамалейица данделъаразда байрамги баркулаго, гьабураб калам.

«Гьобол къабул гьавиялъул соналда хурхун нижеца сапар бухьинчIеб район республикаялда хутIун батиларо, рекIее лъикIаб асар гьабуна щибаб районалда ва росулъ, гIумрудул захIматал шартIазухъ балагьичIого, цIунун батидал жидерго миллияб хаслъи ва мацI. Гьаб жакъасеб тадбир буго рахьдал мацI бокьулез гIуцIараб бай-

раб шапакъатал кьейги. Баркала гIуцIарухъабазе рикIен гIемерал номинациябазда гIадатиял гIадамазул захIмат-хIалтIи бихьун, гьеб кIодо гьабун, кьурал сайгъатазухъгун шапакъатазухъ.

Рохалилаб тадбиралъе ахир лъуна Авар театралъул артистаз бихьизабураб «МахIмуд ва Муи» спектаклялъ.

Авар ва рахьдал мацIазде рокьи, гьел цIунизе хIаракат бахъулезда сверухъ таваккал ва цолъи бихьизабуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасда цадахъ рукIарал райадминистрациялъул аппаратальул, маданияб управлениялъул хIалтIухъаби ва район тун къватIирехун ругел ШIумадисел жанире рачараб нилъер делегациялъ.

Гьенибго районалъул бетIерас Гьизилюртталда чIарай ТIиндиса СалихIат ХIасановалъе кьуна МухIамад Шамхаловасул юбилеялда хурхун лъазабун букIараб конкурсалда щвараб гIарцулаб премиягун приз.

Тадбиралъе хасаб берцинлъи кьуна маданияталъул управлениялъул хIалтIухъабазул музыкалиял номеразги.

**Хадижат Залимханова**

# Генералгун дандчIвай гьабуна

Дагьаб цебе Хушетиве щвана Россиялъул ФСБялъул Дагъистан Республикаялда бугеб гIорхьаби цIунулезул хъулухъалъул цIитарав генерал-майор Алексей Буеров ва Россиялъул ФСБялъул гIорхьаби цIунулезул Хунзахъ бугеб хъулухъалъул нухмалъулев Андрей Ермаков.

Росдал вертодромалда гьезда дандчIвай гьабуна росдал администрациялъул бетIер Мурад Окиевас, депутатазул росдал собраниялъул председатель заместитель ГIизудин ГъазимухIамадовас ва Хушет росдал школалъул директор Магьди Закарьяевас. Гьалбадерица тIоцебе сапар бухьана росдал школалде. Школалъул коллективалъ школлъималазда гьоркьоб экстремизмалде ва терроризмалде дандечIеялда хурхун гьабулеб хIалтIудасан ва цIалдохъабазулгун букIараб ракI рагьараб гарачIвариялдасан гьалбал рази хутIана.

Гьелдаса хадуб Мурад Окиевас гьалбадерилгун дандбана росдал администрациялъ ва ро-

сулъ бугеб гIорхьаби цIунулезул заставаялъул нухмалъулелгун цадахъракъон гьабулеб хIалтIи. КIалъазе вахъарав ГIизудин ГъазимухIамадовас бицана росдал Собраниялъул депутатаз ва администрациялъ жамагIаталда гьоркьоб терроризмалде ва экстремизмалде хурхун гьабулеб бичIчIикьеялъулаб хIалтIул, бицана Дагъистаналъул ва Грузиялъул гIорхьабазул, погранзонаялда хьвада-чIвадиялда хурхун чIезабураб низамалъул.

Алексей Буеровас баркала загьир гьабуна росдал бетIерасегун депутатазе, школалъул дирекциялъе цадахъракъон, гIуцIадго гьабулеб хIалтIухъ.

Мурад Окиевасги гьалбадерие баркала кьуна гIорхьаби цIунулез гьабулеб кумекалъухъ, хасго, хехаб хIажалъи ккедал, унтарал гIадамал вертолеталда больницаялде рачине.

**ГIизудин ГъазимухIамадов**

# Бугьтанал лъейги жибго тун, маслихIат хIажат буго

Терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъул иргадулаб данделъи тIобитIана Хуштада росдал школалда.



Комисиялъул хIалтIулъ гIахьаллъана районалъул прокурорасул заместитель Багьавудин ХIажиэминов, МВДялъул райотделалъул нухмалъулев Элдар МухIамадов, Липецкалъул УМВДялъул нилъер районалда бугеб заманаялъулаб отделалъул нухмалъулев Роман Пожидаев, ОНДялъул инспектор Имам Ярагьиев, Хуштада, ТIисси ва Лъондода росабазул администрациязул бутIру, росдал школалъул коллектив.

Халгьаризе росун рукIана байрамалъул къояз халкъ цIикIкIун бакIарулеб бакIазда терроралдаса ва цIа ккеялдаса хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул, Хуштада, ТIисси ва Лъондода росабазул администрациязда гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIул суалал.



Данделъи рагьана терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъул председатель, районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан кIалъаял гьаруна Элдар МухIамадовас, Имам Ярагьиевас, МЧСалъул специалист ТIагьир АхIмадовас, Сайпудин ИсмагIиловас, ЯхIия Мамадибировас ва МухIамад ХIамзатовас.

Районалда бугеб оперативияб ахIвал-хIалалъул, гьеб цочIараб хIалалда букIинаби мурадалда районалда ругел кьуваталъулал идарабазда цадахъаб хIалтIул бицана Элдар МухIамадовас.

Мина-картал ва идараби цIа ккеялдаса цIуниялъе жидер идарабаз гьарулел хIалтIабазул ва тIоритIулел халгьаризул бицана Имам Ярагьиевас ва ТIагьир АхIмадовас.

Сайпудин ИсмагIиловас, ЯхIия Мамадибировас ва МухIамад ХIамзатовас жидерго кIалъаязда баян гьабуна жидеца нухмалъи гьабулел росабалъ ахираб заманалда цочIараб, гIодоцараб ахIвал-хIал букIин, террористиял гурелги, такъсириялцин ишал росабалъ ккун гьечIолъи, росабазул жамагIаталгун ва, хасго, гIолилазулгун гьарулел профилактикиял гара-чIвариязулгун хIалтIабазул. Гьединго гьез тIадчIей гьабуна ахираб заманалда гIолилазда бичIчIулеб букIин экстремизмалъулгун терроризмалъул бугеб зарал.

Гьезул кIалъаялдасан хадуб Багьавудин ХIажиэминовас абуна идарабазул нухмалъулез прокурорасул халгьабиязда хадуб жидее кьурал бихьизабиял гIужда тIуралел гьечIин абун.

ДандчIваялда хурхун жидерго пикраби загьир гьаруна Хуштада росдал школалъул мугIалимзаби ГIабдула Зубаировас, ИсмагIил ХIанаповас ва МухIамад ХIанаповас.

Гьез кIвар буссинабуна мугIалимзабазул къадру-кьимат ахираб кього-кьоло щуго соналъ тIокIабги гьечIеб гIадин, гIодобе ккезабиялде, киназго гьабулеб гIолилазулгун хIалтIиги ахирал соназ чидар пачалихъаздаги цIалун, кинаб бугеб лъалареб исламияб лъайги босун рачIарал «диниял церехъабаз» цIикIкIун гьабулеб букIиналдеа ва, гьелъул хIасилалда, рохьахъе унел гIолохъабиги цIикIкIунел рукIиналде.

-Цоцада бугьтанал лъолел рукIинчIого, гIолилалги чIахIияб гIелги цадахъ бачине ккола, умумузул лъикIаб гIадат-маслихIат гьаби хIалтIизабизе ккола кинабгIаги суалалда сверухъ. Заман щун буго тIекъалда тIекъабин абизе ва щибго лъайги гьечIел лъавукъал чагIазда нилъее «дарсал кьей» жибго тейин абизе,-ян ахир лъуна жиндирго кIалъаялъе ИсмагIил ХIанаповас.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас гьел росабазул бутIрул полициялъул хасаб учеталда ругел гIолилазулгун ва гьезул гIагарлъиялъулгун гьабулеб хIалтIи лъикIлъизабизе.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# ГьитIичаз ВатIан цIунулесул къо кIодо гьабуна




Араб анкьалъ Агъвали «Бакъ» лъималазул ахикь тIобитIана ВатIан цIунулесул къоялда хурхараб рохалилаб тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул лъай кьеялъул ва халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениязул, хIалтIухъабаз, нилъер районалъул ва Липецк областалъул полициялъул хIалтIухъабаз ва лъималазул умумуз.

Лъималазул ахалъул заведущая Узлипат МухIамадовалъ баркана киназдаго байрам, бицана лъималазул ахикь гьитIичазе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьеялъул хIакъалъулъ.

Гьалбадерие гьитIичаз рихьизаруна рагъулал ругьунлъабазул инсценировкаби, ахIана рагъул тематикаялда хурхарал кучIдул гьаруна кьурдаби гьалбалги гIахьал гьарун.

Байрамалъул ахиралда ахалъул нухмалъулелъ баркала загьир гьабуна тадбиралъул гIахьалчагIазегун гьалбадерие ва спонсоразе.

Гьедин рохалида ва аваданго ана гьеб къо «Бакъ» лъималазул ахикь ва гьелда рази хутIана лъималгун эбел-эмен ва тIаде ахIарал.

**МухIамад Къасумов**

# Лъималазда авар мацI лъай цIакъго мукъсанаб буго

Агъвали школалда тIобитIана авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалимзабазул семинар. Гьеб данделъиялда гIахьаллъизе рачIана районалъул росабалъа тIолгоязде гIунтIун мугIалимзаби. Тадбир рагьулаго, лъайкьеялъул управлениялъул методист Рукъигат ГIабдулсаламовалъ бичIчIизабуна тадбиралъул мурад букIин авар мацI цIалдохъабазда малъиялъулъ дандчIвалел захIмалъабазул бицин ва гьел тIагIинаризе ратулел ресазулгун жидерго хIалтIул хIалбихьиял мугIалимзабазе гIахьал гьари. Гьединго бицана араб соналъул ахиралда районалъул лъайкьеялъул управлениялъ школазда тIоритIарал контролиял хIалтIабаз бихьизабунин лъималазул авар мацIалъул лъай цIакъго мукъсанаб букIин.

Агъвали школалъул мугIалимзабаз кьуралрагьаралдарсаздасахадурцерерахъана батIи-батIиял росабалъа цIалдохъаби. Кидаго гIадин, киналго хIайран гьаруна Агъвали школалъул цIалдохъаби Фатима Дибировалъ, МухIамад АхIмадовас рикIкIарал кучIдуз. Инхокъвариса цIалдохъабаз бихьизабуна МухIамад Шамхаловасул «Вацı» асаралъул инсценировка, Хуштада ва Агъвали школазул цIалдохъабаз ахIана кучIдул ва ХIайсанат Дибировалъул нухмалъиялда гьоркь Эчеда школалъул цIалдохъабаз Малла Насрудинил г1умруялдаса росун рихьизарурал кополал инсцинировкабиги цIакъ рекIее гIуна семиналъул гIахьалчагIазе.

Республикаялъул авар мацIалъул мугIалимзабазул Ассоциациялде гьорлъе унел районалъул муг1алимзабазул председатель Гъоркьгъаквари школалъул мугIалим Шагьрурамазан Насрудиновас киналго семинаралда гIахьаллъизе рачIарал лъималазе районалъул мугIалимзабаз гIуцIараб фондалдаса гIарцулал сайгъатал кьуна. Гьединго г1арцулаб сайгъаталдалъун кIодо гьаюна республикаялъулаб конкурсалда рекIехъе кечI рикIкIун 3-леб бакIалъе мустахIикълъарай Гьигьалъ росдал школалъул цIалдохъан Муи Шамиловаги.

Цинги данделъарал гIенеккана авар мацI лъималазе бокьизабиялда ва цIуниялда сверухъ гьарулел жидерго хIалтIул хIалбихьиялъул бицарал ТIиндиса ГIусман МухIамадовалъул, Къедиса Загьрабика Исрапиловалъул, Инхокъвариса Багьжат Гереевалъул докладазухъ. Гьезда хурхун жидерго пикраби загьир гьаруна цогидал мугIалимзабазги.

ПалхIасил, авар мацI лъай гIодобе ккеялъе гIиллабилъун рикIкIана: гьелдехун республикаялъул тIалъиялъ кьолеб кIвар дагьаб букIин, районалъул цо-цо школал цIалул кIиабилеб планалде рачIин, байбихьул классазда авар мацI малъиялъе кIвар кьолеб гьечIолъи, ясли-ахаз авар мацI малъичIого тун, киналго тадбирал гIурус мацIалда рачин ва жакъасеб заманалъул тIалабазда рекъарал къагIидаби хIалтIизарурал дарсал мугIалимзабаз кьунгутIи.

Пайдаяб семинаралдаса разиго хутIана районалъул авар мацIалъул мугIалимзаби ,ва гьез хьул лъолеб буго районалъул школазул нухмалъулез авар мацI лъималазда лъаялде ва цIуниялде кIвар кьелин.

**Зулфия Сажидова**

14 марталда сагIат 10-ялда районалъул администрациялда Дагъистан Республикаялъул предпринимательствоялъулгун инвестициялъул рахъалъ Агентствоялъул нухмалъулев Башир Ибрагьимович МухIамадовас къабул гьаризе руго гIадамал, ва гьебго къоялъ сагIат 13-ялда букIине буго гьезул районалъул предпринимателзулгун данделъи.

Платить за коммунальные услуги - произвести за считанные минуты оплату за газ, свет, мусор и т.д. теперь можно и через терминал в районном МФЦ. Также можно оплатить все виды налогов, штрафы ГИБДД, госпошлины и ряд других платежей.

Более подробную информацию можно узнать по номеру **8-928-533-72-84**

**Магомед Халимхоев**

# Рузман къоялъул вагIза

Инсан Аллагьас тIадегIан гьавун вижана, нилъеца абуни, гIодовегIан гьавула вуго, хасго гьаб заманалда- цоцазда гIайибал чIван, бугьтанал лъун.

МацI гьабиги цIикIкIараб, гьибат- бугьтаналъулги цIураб, цIогь, чIвай-хьвей ва хъахIбалъи цIикIкIараб, хабарги гIемерлъараб диналъул къиматги хвараб, бусурбабиги учузлъараб ахир замана бугин абизе бачIунеб буго дида гьаб заманалда. Гьеб кинабгоялъул халги гьабун, дун пакъир-Аллагьасул лагъ, Аллагьасул нигIматазда хьулги лъун, хьвалеб буго тIоцебе диего, хадуб цIаларасеги пайда-мунпагIат букIинин абун хьулгун гьаб гьитIинабго насихIат.

**МацI цIуне, гьибат-бугьтан жибго те. МацIалъул балагь.**

Дие бокьун буго мацIалдалъун нилъеца абулел карагьатал ва хIарамал жалазул хIакъалъулъ бицен гьабизе. Гьездаса цIунизе ккани, гьеб лъачIого рес гьечIо. Кинавго чияс жиндирго мацI хIарамаб, карагьатаб ва пайда гьечIеб каламалдаса цIунизе ккола.

Каламалъул зарал яги пайда гьечIони, гьеб тезе суннатаб буго, гьединаб каламалъ инсан карагьатаб яги хIарамаб каламалде цIазе бегьула ва гIемерисеб хIасилги гьединаб ккола.

Абу-гьурайратица бицараб къучIаб хIадис буго: «Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: Аллагьасдеги, къиямасеб къоялдеги иман лъолев чияс лъикIаб рагIи абе яги вуцIцIун чIа»,-абун. ЛъикIаб рагIи ккола жиндасан хайир бугеб рагIи, амма хайир букIиналда щаклъани, кIалъачIого чIела. Имам ШафигIияс абуна: «КIалъазе бокьараб мехалъ инсанас пикру гьабила, гьелдалъун пайда букIин бичIчIани- кIалъала, щаклъи ккани-вуцIцIун чIела». Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Бищун хирияв бусурманчи вугила жиндир каламалдаса бусурбабазе зарал щоларев чи». Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Лагьас цо рагIи абуни, жиндаса Аллагь разилъулеб. Аллагьас гьесиеги кьолила гьелдалъун къиямасеб къоялде щвезегIан гьесдаса разилъи, гьесда кидаго гьеб рагIиялдалъун щвелилан ракIалде кколеб букIинчIеб. Гьединго цоги лагьас абуни жинда Аллагьасул щим бахъунеб рагIи, гьелдалъун гьесда щим бахъулила Аллагьас къиямасеб къо щвезегIан, гьесда ракIалдаго букIинчIебгIан къадаралъ.

Ибну ГIумаридасан бицана Аварагас (с.т.гI.в.) абунила «Аллагь рехсей гуребалдалъун калам гIемер гьабуге, хIакълъунго гьелъ ракI къосинабула ва бищун Аллагьасдаса рикIкIадав чиги ракI къосарав вуго». Хвасарлъи щибилан гьикъидал, Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Дуца дурго мацI ккун чIезабе, дурго рукъалъе гIатIилъиги гьабе, дурго мунагьаздасаги гIоде». Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Щибаб къоялъ рогьалилъ киналго лугбаз хIелун мацIалда гьарулила, жидее гIоло мун Аллагьасукъа хIинкъеян, мун битIун чIани, жалги ритIун чIелин, мун мекъи ккани, жалги мекъи кколин»,-абун. Цоги абуна Аварагас (с.т.гI.в.) «Адамил лъимералъе кинабго калам зарал бугеб буго, лъикIалдалъун амру гьабиги, квешалдаса нахъ чIвайги, Аллагь рехсейги хутIизегIан».

Гьединго Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Кинабго жоялъул бетIер Ислам буго, гьелъул хIуби как буго, гьелъул тIогьиб бакI кIалалъул гьазават буго ва гьеб киналъулго хан-мацI цIуни буго.

Нилъеца абураб рагIулги гIазабищ букIунебан гьикъидал, Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Гьелдалъун гурел, сундалъуна гIадамал жужахIалде рехулел? Инсанасул берцинаб исламлъун ккола пайда гьечIеб калам тей». МацI гьабиялдалъун цIакъ гIемераб балагь, дагIба, цоцада гьоркьоб хIал квешлъи тIибитIун буго гьаб заманалда. МацI гьабиялъул квешлъи бичIчIизе ккани, гьаб хIадисалъул пикру гьабуни гIола гIакълу бугев чиясе. ХIузайфатица бицана Аварагас (с.т.гI.в.) абунилан: «Алжаналъуве лъугьунаро мацIихъан». Гьаб гIеларищ мацIихъанасе балагь?!

МацIалъе кинаб къимат кьолеб? МацI ккола инсанасул бищунго мунагь цIикIкIун гьабулеб лага. Гьелъие мунагь гьабизе цIакъ бигьаяб букIуна. МацIалъухъ балагьун инсанасе загьирала хIукму кьотIула гьелъул бетIергьан бусурманавищ капуравищин абураб. Инсанасул мацI гIунтIулареб жо цониги гьечIо. Гьелъ Аллагьасулги Гьес бижараб махлукъатазулги бицен гьабула.

ГIемер кIалъай какараб тIабигIат ккола. ХIадисалда буго: «Инсанасул иман битIуларо гьесул ракI битIизегIан, гьесул ракIги битIуларо мацI битIизегIан»,-абун. Цоги хирияб хIадисги буго: «ГIадамал жужахIалда кIалагъоркье речIчIизабулеб жо мацIалъ гьарурал мунагьал руго»,-ян. Квешлъи цIикIкIарабго гIадин, лъикIлъиги цIикIкIараб буго мацIалъул. МацIалъ шагьадат битIула, шагьадат битIиялъ капурчи бусурман гьавула (ай дунялалъул загьираб хIукмуялъулъ). Гьелъ Аллагь рехсола, КъурIан цIалула, ракIазул ругел мурадал загьир гьарула, исламги гIелмуги тIибитIизабула. ГьединлъидалгIакъилав чиясда тIадаб буго мацI, квешлъиялдасаги цIунун, лъикIлъиялде машгъул гьабизе. Пайда гьечIеб каламалъ заман гIадада хвезабула. Заман гIадада хвезабиялдаса кIудияб балагь гьечIо. Пайда босизе лъалев чиясе гIумруялъул щибаб лахIзат ккола жиндир багьа гьабун хIалкIоларeб жавгьар. ЛъикIаб жо гьабизе ресги букIаго, пайда гьечIеб каламалда заман хвезабиялдаса кIудияб талихIкъейги щибха букIинеб.

Щайин абуни, тIоцебе дуе зарал гьабурав чи мацIихъан ккола, гьес диналъул вацасда тIаса дуда квешаб жо бицун букIинчIебани, мун ракI парахат вукIинаан. Дуде мацI гьабулев чияс дуда нахъасанги мацI гьабула. Гьереси бицинги, гьибат гьабиги, рекIкI гьабиги, хиянат гьабиги, хIалхъублъиги, хIусудги, гIадамазда гьоркьоб тушманлъи ккезе бокьиги-гьел чорокал хасиятал чорхолъ ругев чияс гурони мацIихъанлъи гьабуларо. МацI гьабун вачIарав чиясда аскIоб анльго жо гьабизе ккола:

ТIоцебесеб - гьесда божизе бегьуларо, кIиабилеб - гьеб мацI гьабугеян абизе ккола, лъабабилеб - Аллагьасе гIоло гьесда цим бахьине ккола, ункъабилеб - дурго вацасдехун дур квешаб хивал бижизе бегьуларо, щуабилеб - мацIихъанасдаги божун, мун дурго диналъул вацасул гьес бицараб гIайиб цIехезе лъугьине бегьуларо, анлъабилеб - мацIихъанас дуе гьабураб мацI цогидазеги бицун мунго мацIихъанлъун лъугьине бегьуларо.

РагIарабщинаб жо бицине бегьуларо, гьеб битIараб букIин лъалеб гьечIони. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Инсанасе гьереси бицуневлъун вукIине ккани, рагIарабщинаб жо бицараб гIола». Гьаб буго нилъ киназего цIакъ кутакалда кIвар гьабизе ккараб хIадис. Гьеб киналдасаго бичIчIулеб буго кигIан кIудияб жавабчилъи нилъеда тIаде бачIунеб бугеб мацIалъул рахъалдасан. Гьединлъидал, нилъеца цIакъ кIвар кьезе ккола мацIалъул балагьал лъазаризе ва гьездаса цIунизе. Аллагьас тавпикъ кьеги гьелъие киназего. Кинабго рецц буго тIадегIанав Аллагьасе гьаб насихIат хъвазе ва тIубазабизе дие квер бакъарав, тIадегIанав Аллагь разилъи тIалаб гьабун, гьаб насихIат цIаларазул дугIаялда хьул лъун дица гьабураб хIалтIи Аллагьас къабул гьабеги, гьелдаса бусурбабазе мунпагIатги щваги я Аллагь. Амин.

**Хонохъ росдал мажгиталъул имам хуштадисев ХIажияв**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Агвали» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 г назна ченно | уточне ные | испол нение | % исполне ния |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 545,0 | 545,0 | 517,6 | 95,0 |
| | Налог на имущество | 165,0 | 165,0 | 165,1 | 100,1 |
| 3 | Земельный налог | 20,0 | 20,0 | 91,3 | 456,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 10,0 | 10,0 | 35,4 | 354,0 |
| | | 740 | 740,0 | 809,4 | 109,4 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 5981,0 | 5981,0 | 6069,0 | 101,5 |
| | Итого | 5981,0 | 5981,0 | 6069,0 | 101,5 |
| | Всего доходов | 6721,0 | 6721,0 | 6878,4 | 102,3 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1960,6 | 1960,6 | 1586,1 | 80,9 |
| | в т.ч. зарплата | 1560,6 | 1560,6 | | 0,0 |
| 2 | Резервный фонд | 30 | 30 | 30,0 | 100,0 |
| 3 | ЖКХ | 3852,5 | 3852,5 | 4803,7 | 124,7 |
| | Молодеж. Политика | 18,0 | 18,0 | 18,0 | |
| 4 | Культура | 759,9 | 759,9 | | 0,0 |
| | в т.ч. зарплата | 719,9 | 719,9 | | 0,0 |
| | | | | | |
| 5 | ФК и спорт | 100,0 | 100,0 | 11,8 | 11,8 |
| | Всего расходов | 6721,0 | 6721,0 | 6449,6 | 96,0 |
| | в т.ч. зарплата | 2280,5 | 2280,5 | 0.0 | 0,0 |

## Показатели к бюджету администрации сельского поселения «село Агвали» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 527,4 | 527,4 | 527,4 |
| 2 | Налог на имущества | 184,3 | 184,3 | 184,3 |
| 3 | Земельный налог | 21,7 | 21,7 | 21,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| | итого | 743,4 | 743,4 | 743,4 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 6144,0 | 5369,0 | 5100,0 |
| | Итого | 6144,0 | 5369,0 | 5100,0 |
| | Всего доходов | 6887,4 | 6112,4 | 5843,4 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1402,0 | 1402,0 | 1365,0 |
| | в т.ч. зарплата | 872,0 | 872,0 | 872,0 |
| 2 | ЖКХ | 4594,7 | 3819,7 | 3587,7 |
| 3 | Резервный фонд | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| 4 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 5 | Культура | 775,7 | 775,7 | 775,7 |
| | в т.ч. зарплата | 775,7 | 775,7 | 775,7 |
| 6 | ФК и спорт | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| | Всего расходов | 6887,4 | 6112,4 | 5843,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1647,7 | 1647,7 | 1647.7 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Агвали» Г. Билалов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» за 2016 год

(тыс. руб)

| | Наименование показателей | 2016 г назна -ченно | уточне- ные | испол нение | % испол- нения |
|---|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 11,0 | 11,0 | 13,0 | 118,2 |
| | Налог на имущество | 25,0 | 25,0 | 25,3 | 101,2 |
| 3 | Земельный налог | 35,0 | 35,0 | 34,9 | 99,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,6 | 30,0 |
| | Итого собственные доходы | 73,0 | 73,0 | 73,8 | |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1250,0 | 1250,0 | 1185,0 | 94,8 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,6 | 2,6 | 2,6 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 70,0 | 70,0 | 70,0 | 100,0 |
| | Итого | 1322,6 | 1322,6 | 1257,6 | |
| | Всего доходов | 1395,6 | 1395,6 | 1331,4 | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 823,0 | 823,0 | 836,0 | 101,6 |
| | в т.ч. зарплата | 728,0 | 728,0 | 688,4 | 94,6 |
| 2 | ЗАГС | 2,6 | 2,6 | 2,6 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 70,0 | 70,0 | 70,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 48,6 | 48,6 | 48,6 | **100,0** |
| 4 | ЖКХ | 357,5 | 357,5 | 299,6 | 83,8 |
| 5 | Культура | 122,5 | 122,5 | 151,3 | 123,5 |
| | в т.ч. зарплата | 122,5 | 122,5 | 151,3 | **123,5** |
| 6 | ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | | |
| | Всего расходов | 1395,6 | 1395,6 | 1359,5 | |
| | в т.ч. зарплата | 899,1 | 899,1 | 888,3 | |

## Показатели к бюджету администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 10,7 | 10,7 | 10,7 |
| 2 | Налог на имущества | 28,0 | 28,0 | 28,0 |
| 3 | Земельный налог | 37,7 | 37,7 | 37,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| | Прочие налоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | 78,4 | 78,4 | 78,4 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1298,0 | 1134,0 | 1077,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,6 | 7,2 | 7,2 |
| 3 | Субвен. ВУС | 68,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 1368,6 | 1206,2 | 1149,2 |
| | Всего доходов | 1447,0 | 1284,6 | 1227,6 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 849,2 | 925,2 | 849,2 |
| | в т.ч. зарплата | 649,2 | 649,2 | 649,2 |
| 1 | ЗАГС | 2,6 | 7,2 | 7,2 |
| 2 | ВУС | 68,0 | 65,0 | 65,0 |
| **3** | в т.ч. зарплата | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| 4 | ЖКХ | 363,0 | 127,4 | 146,4 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 6 | Культура | 129,2 | 124,8 | 124,8 |
| | в т.ч. зарплата | 129,2 | 124,8 | 124,8 |
| 7 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 1447,0 | 1284,6 | 1227,6 |
| | в т.ч. зарплата | 838,4 | 834,0 | 834,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Гадиринский» М.Магомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № | Наименование показателей | 2016 г назна ченно | уточне ные | испол нение | % испол- нения |
|---|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 16,0 | 16,0 | 13,6 | 85,0 |
| | Налог на имущество | 15,0 | 15,0 | 16,8 | 112,0 |
| 3 | Земельный налог | 35,0 | 35,0 | 35,7 | 102,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | | 0,0 |
| **5** | Прочие неналоговые доходы | 30,0 | 30,0 | | 0,0 |
| | | 97 | 97,0 | 66,1 | 68,1 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1200,0 | 1200,0 | 1198,0 | 99,8 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,7 | 2,7 | 2,7 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 1269,7 | 1269,7 | 1267,7 | 99,8 |
| | Всего доходов | 1366,7 | 1366,7 | 1333,8 | 97,6 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 785,0 | 785,0 | 783,0 | 99,7 |
| | в т.ч. зарплата | 749,0 | 749,0 | 722,8 | **96,5** |
| 2 | ЗАГС | 2,7 | 2,7 | 2,7 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 63,8 | 63,8 | 63,8 | **100,0** |
| 4 | ЖКХ | 300,0 | 300,0 | 321,3 | 107,1 |
| 5 | Культура | 202,0 | 202,0 | 187,0 | 92,6 |
| | в т.ч. зарплата | 199 | 199 | 187,0 | **94,0** |
| | | | | | |
| 6 | ФК и спорт | 10,0 | 10,0 | | 0,0 |
| | Всего расходов | 1366,7 | 1366,7 | 1361,0 | 99,6 |
| | в т.ч. зарплата | 1011,8 | 1011,8 | 973,6 | **96,2** |

## Показатели к бюджету администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № | **Наименование показателей** | **сумма 2017** | **2018** | **2019** |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | 5 |
| | Собсвенные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 15,5 | 15,5 | 15,5 |
| 2 | Налог на имущества | 16,8 | 16,8 | 16,8 |
| 3 | Земельный налог | 37,7 | 37,7 | 37,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| | итого | 76,0 | 76,0 | 76,0 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1278,0 | 1117,0 | 1061,0 |
| 1 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,7 | 7,2 | 7,2 |
| 2 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| 3 | Невыясн.поступл.бюдж.АСП | | | |
| | Итого | 1345,7 | 1189,2 | 1133,2 |
| | Всего доходов | 1421,7 | 1265,2 | 1209,2 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 880,5 | 867,5 | 867,5 |
| | в т.ч. зарплата | 695,5 | 695,5 | 695,5 |
| 1 | ЗАГС | 2,7 | 7,2 | 7,2 |
| 2 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| **3** | в т.ч. зарплата | 59,8 | 59,8 | 59,8 |
| 4 | ЖКХ | 243,5 | 104,5 | 88,5 |
| 5 | Культура | 180,0 | 171,0 | 171,0 |
| | в т.ч. зарплата | 180,0 | 171,0 | 171,0 |
| 6 | ФК и спорт | 50,0 | 50,0 | 10,0 |
| | Всего расходов | 1421,7 | 1265,2 | 1209,2 |
| | в т.ч. зарплата | 935,3 | 926,3 | 926,3 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» А.Хизриев**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Сильди» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол- нение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 10,0 | 10,0 | 10,3 | 103,0 |
| 2 | Земельный налог | 35,0 | 35,0 | 35,0 | 100,0 |
| 3 | Налог на имущества | 10,0 | 10,0 | 13,5 | 135,0 |
| | Прочие налоги (неналоговые) | 30,0 | 30,0 | 1,3 | 4,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 0,6 | 60,0 |
| | Итого собственные доходы | 86,0 | 86,0 | 60,7 | 70,6 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 570,0 | 570,0 | 532,5 | 93,4 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,7 | 0,7 | 0,7 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 637,7 | 637,7 | 600,2 | 94,1 |
| | Всего доходов | 723,7 | 723,7 | 660,9 | 91,3 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 651,0 | 651,0 | 587,5 | 90,2 |
| | в т.ч. зарплата | 500,0 | 500,0 | 471,8 | 94,4 |
| 2 | ЗАГС | 0,7 | 0,7 | 0,7 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,3 | 37,3 | 41,1 | 110,2 |
| 4 | ЖКХ | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 100,0 |
| | Всего расходов | 723,7 | 723,7 | 660,2 | 91,2 |
| | в т.ч. зарплата | 537,3 | 537.3 | 512.9 | 95,5 |

## Показатели к бюджету администрации сельского поселения «село Сильди» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2015 | | |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 9,7 | 9,7 | 9,7 |
| 2 | Земельный налог | 37,7 | 37,7 | 37,7 |
| 3 | Налог на имущества | 11,2 | 11,2 | 11,2 |
| | Прочие налоговые доходы | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| | Итого собственные доходы | 64,6 | 64,6 | 64,6 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 632,0 | 552,0 | 525,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,7 | 0,7 | 0,7 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 697,7 | 617,7 | 590,7 |
| | Всего доходов | 762,3 | 682,3 | 655,3 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 696,6 | 616,6 | 589,6 |
| | в т.ч. зарплата | 443,4 | 443,4 | 443,4 |
| 2 | ЗАГС | 0,7 | 0,7 | 0,7 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 45,9 | 45,9 | 45,9 |
| | Всего расходов | 762,3 | 682,3 | 655,3 |
| | в т.ч. зарплата | 489,3 | 489,3 | 489,3 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Сильди» А.Абдурахманов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Гакко» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № | Наименование показателей | 2016 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол нение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 11,0 | 11,0 | 8,7 | 79,1 |
| 2 | Земельный налог | 50,0 | 50,0 | 101,0 | 202,0 |
| 3 | Налог на имущества | 10,0 | 10,0 | 10,0 | 100,0 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 50,0 | 50,0 | | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,8 | 40,0 |
| | Итого собственные доходы | 123,0 | 123,0 | 120,5 | 98,0 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 650,0 | 650,0 | 633,2 | 97,4 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,2 | 1,2 | 1,2 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 718,2 | 718,2 | 701,4 | 97,7 |
| | Всего доходов | 841,2 | 841,2 | 821,9 | 97,7 |
